

JWENN ENFÒMASYON YO. METE YON MASK



LI TOUJOU PI AN SEKIRITE POU METE YON MASK

COVID-19 kontinye ap enfekte plizyè milye moun chak jou ki gen ladan granmoun aje, granmoun, adolesan ak timoun. **Menm lè mask obligatwa ou pa nan zòn ou an, oumenm ak fanmi w ap pi an sekirite si nou mete yon mask..**

Mask pwoteje w kont COVID-19

Paske COVID-19 gaye trè fasil, mete yon mask pwoteje w, zanmi ak fanmi w, ak kominote w.

- ✓ Lè ou mete yon mask, li gen mwens chans ke ou vin malad paske w respire viris la si li nan lè a
- ✓ Li posib pou w malad ak COVID-19 san w pa konn sa, paske se pa tout moun ki santi yo malad. Nan ka sa a, mete yon mask fè gen mwens chans ke ou transmèt viris la bay lòt moun.



OU DWE BYEN METE MASK LA POU LI EFIKAS.

- Mete mask ou sou nen ak bouch ou
- Asire w ke pa gen okenn fwit lè k ap soti pa anwo oswa sou kote
- Mete ak retire mask ou ak men pwòp
- Pa touche mask ou lè li nan figi w
- Netwaye mask ki ka resèvi a omwen chak jou
- Sèvi ak mask jetab ou a yon sèl fwa



Vaksen yo bay plis pwoteksyon

- Pran vaksen an se desizyon ki pi enpòtan w ka pran pou w pwoteje tèt ou ak kominote w.
- Apre w fin vaksinen konplètman genyen mwens chans pou w malad ak COVID-19, epi menm lè sa rive, vaksen an pral pwoteje w pou w pa vin malad grav.

MENM MOUN KI PRAN VAKSEN YO PI AN SEKIRITE AK YON MASK.

Li pa rive fasil pou moun malad ak COVID-19 aprè yo fin pran vaksen an, men sa ka rive.

Pran yon vaksen ak mete yon mask se pi bon fason pou fè pou evite tonbe malad ak transmèt COVID-19 bay lòt moun.